*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

ЧЧАРОДИНСКИЙ РАЙОН · РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 29 (7347) РУЗМАН 14 июль 2023 сон

12+

## ДРялъул ветеринарияб комитеталъул делегация щвана ЧIарада районалде

Дагъал къояз цебе нилъер районалде бачIун букIана ДРялъул ветеринарияб комитеталъул делегация, гьелъул председатель Шапиев МухIамад Шагьабудиновичасул нухмалъиялда гъоркь.




Гьелда бан районалъул администрациялъул заседаниялъул залалда ана муниципалитеталъул бетIер МухIидин МухIамадов, гьесул заместитель МухIамад ГIумаров, районалъул ветеринарияб хъулухъалъул нухмалъулев Ибрагьим Атабегов ва хIалтIухъаби гIахьаллъараб совещание.

Данделъиялъул хIалтIи байбихьулаго МухIамад Шапиевас гьенир гIахьаллъаразда бицана жив вачIиналъул мурадалъул, бихьизабуна бруцеллезалъул рахъалъ жакъа республикаялда бугеб ахIвал-хIалги. Гьелдаго цадахъ гьоболасул рагIабазда рекъон, данделъиялъул аслияб суал букIана районалда ветеринарияб хъулухъалъул цIияв нухмалъулев тIами.



«Нилъеда киназдаго лъала районалъул ветеринарияб хъулухъалъул специалистазул лъикIаб хIалтIи. Гьелъулъ кIудияб бутIа буго коллективалъул нухмалъулев Ибрагьим Атабеговасул. Гьединабго жавабчилъигун ва тIадчIеялда гьесул иш нухда бачилин хьул буго цIияв нухмалъулеги», - ян абуна республикаялъул ветеринарияб комитеталъул председателас.

Хадув кIалъарав МухIидин МухIамадовас баркала загьир гьабуна районалъул ветеринарияб хъулухъалъул нухмалъулесе гьесул гIемер соназулаб ва ракIбацIцIадаб захIматалъухъ районалъул гIадамазе лъикIлъиялъе гIоло. Гьес бихьизабуна районалъул жамагIаталъул битIккей ва сахлъи гIемерисеб бараб букIин киналго хъулухъазул цадахъаб ва иш лъалеб хIалтIуда.

«КигIан нилъеца гIайиб ва жавабчилъи цо-цоязде тIамун тезе яхI бахъаниги, гьелъ суал ва гьабизе ккараб хIалтIи тIубаларо. Гьадинав лъай, жавабчилъи ва тIалаб бугев специалист нахъе ин районалъе ками буго. Амма щив чи жакъа гьеб хъулухъалде нухмалъулевлъун кканиги, гьесда тIадаб буго ругел гIунгутIабиги лъугIизарун хIалтIи цебе инабазе. Ниж хIадурарал руго кинабго нижеда бараб гьабизе, цебехун гIадин хIалтIи хадубккунги иналъе гIоло», - ян абуна районалъул бетIерас.

«Щаклъи гьечIо, Ибрагьим Атабегов жиндирго ишалъулъ лъикIав специалист вукIин. Лъала гьеб рагIун гуребги. Дун районалъул росдал магIишаталъул курирующий хIисабалда гIемерал соназ хIалтIана гьевгун бухьен ккун. Ибрагьимил яхI бахъиялъ ва хIалтIи бокьиялъ нилъер районалда кидаго гIодобе биччараб ахIвал-хIал лъугьинабулеб букIана. Гьесул нухмалъиялда гъоркь хIалтIухъаби бокьараб бакIалда хIадурал рукIана гIадамал ва гьезул боцIи цIуниялъе», - ян бицана МухIамад ГIумаровас.

Совещание унаго ДРялъул ветеринарияб комитеталъул председателас жаваб кьуна специалистазул суалазеги.

Районалъул ветеринарияб хъулухъалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев заманаялъ вукIине вуго Шамхалов МухIамад Юсупович. Гьев хIалтIулев вукIуна ветеринарияб хъулухъалъул врач-эпизоотологлъун.

## Аппараталъулаб совещаниялда

Райадминистрациялда тIобитIана отделазул ва учреждениязул нухмалъулел гIахьаллъараб иргадулаб аппараталъулаб совещание.

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас данделъаразе саламги кьун баян гьабуна ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул предложениялъул. Гьес абулеб буго щивав хIалтIухъанас цо къоялъул хIалтIул мухь гуманитарияб кумек хIисабалда битIизе ккелин Запорожскияб областалъул Михайловскияб районалде. Данделъараз предложениялъул рахъ ккуна.

Хадуб совещаниялъул гIахьалчагIаз баян кьуна гьарурал ва гьаризе планалда ругел хIалтIабазул.

Лъай кьеялъул ва культурияб отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаевас лъазабуна 2023 соналда ГИАялъул хIасилазул.

«9-аб. классалъул цIалдохъабазул цIалуда хадур гьей 8 предметазда хал гьабулаго ккун буго 86%. КъватIире риччалел классазул цIалдохъабазул ЕГЭ кьолаго 9 цIалул предметалда рекъон 79,1 проценталде бахъун буго. Аттестат щвеялъе къваригIарал баллал ракIаризе кIвечIел цIалдохъабаз экзаменал цIидаса сентябрь моцIалда кьезе руго», - ян абуна Шамил МустIапаевас.

Хадуб совещаниялда хал гьабуна кIвар кьезе ккарал батIи-батIиял суалазул. Районалъул бетIерас кьуна дандрекъон кколел тIадкъаял ва бихьизабуна гьел тIуразариялъе заманги.





МУГIАЛИМАСУЛ ВА НАСИХIАТЧИЯСУЛ СОНАЛДЕ

## Тарбия кьеялда 50-са цIикIкIарал сонал

РФялъул Президентасул Указалдалъун 2023 сон лъазабун буго мугIалимасул ва насихIатчиясул сонлъун. Владимир Путиница абуна: «Гьелъул аслияб масъала ккола халкъалъул пикру буссинаби жидерго захIмат ва къуват лъималазе ва гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъе гIоло гьабулел гIадамазул хIалтIуде».

Гьединлъидал нижее бокьун буго бицен гьабизе ЧIарада районалъул мустахIикъал мугIалимзабазул лъикIалъулъ. Гьезда гьоркьов вуго гьунар бугев педагог, лъикIаб лъаялъул ингилис мацI мальулев мугIалим, гIемерал соназда ракIбацIцIадго лъай кьеялъул бутIаялда хIалтIулев Амиров ХIажимухIамад ЛатIипович.

ХIажимухIамад Амиров гьавуна 1948 соналда ЧIарада районалъул ЦIенеб росулъ. 1966 соналда ГIириб гьоркьохъеб школаги лъугIизабун гьев цIализе лъугьуна ДГПИялде къватIисел пачалихъазул мацIазул факультеталде. Гьеб лъугIун хадув ХIажимухIамад нахъвуссана живго цIалараб ГIириб школалде ингилис мацI мальулев учительлъун, гьеница байбихьана гьесул хIалтIулаб нухги.

КIиго соналдаса ХIажимухIамад ЛатIипович ахIула Советияб Армиялде тIадаб рагъулаб хъулухъ тIубазабизе.



Нахъвуссун хадув гьев цойги соналъ хIалтIана ГIириб гьоркьохъеб школалда. Цинги гьев вачана Магьар гьоркьохъеб школалде ингилис мацI мальулев мугIалимлъун, гьелдаго цадахъ тIадкъана лъай кьеялъул рахъалъ директорасул заместителасул хIалтIиги.

1978-1980 соназда ХIажимухIамад хIалтIизе вачуна ЦIуриб гьоркьохъеб школалде. Хадув нахъвуссана Магьар школалде ва 37 соналъ хиси гьечIого хIалтIана ингилис мацIалъул мугIалимлъун ва психологлъун.

Ахирисеб 14 гIанасеб сон буго нижер мугIалим МахIачхъалаялдеги гочун методистлъун, хадув республикаялъул «Центр одаренных детей» лицей-интерналда обществознания ва ингилис мацI мальулев мугIалимлъун хIалтIулелдаса. Аслияб хIалтIуда цадахъго ХIажимухIамад ЛатIипович батIи-батIиял соназда хIалтIана автодорожнияб, гуманитарно-педагогическияб, политехническияб, МахIачхъала шагьаралъул гIемер профилазулаб медицинаялъул колледжазда ва №1 школалдаги.

РакIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло ХIажимухIамад ЛатIипович мустахIикълъун вуго гIемерал грамотабазегун дипломазе. Гьес ингилис мацIалъул, обществоведениялъул, гIурус мацIалъул олимпиадазде ругьун гьарурал цIалдохъабаз кидаго лъикIал хIасилал рихьизаруна олимпиадабазда.

ХIажимухIамадил хIалтIул хIасил букIин бихьула гьес дарс мальарал Магьар СОШалъул 35 цIалдохъабанас гьесул махщелги тIаса бищун къватIисел пачалихъазул мацIазул факультетал батIи-батIиял ВУЗазда лъугIизариялъ.

Амировас гIемераб заманалда нухмалъи гьабуна Магьар гьоркьохъеб школалъул профсоюзалъул комитеталъеги, гьелъие гIоло гьев мустахIикълъана «100 лет профсоюзу» медалалъе.

2002 соналда ХIажимухIамад ЛатIиповичасункъабилеб бакI ккуна ингилис мацIалъул мугIалимзабазда гьоркьоб тIобитIа-

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

# Слеталде хIадурлъулаго

ЦIуриб росдал Культурияб рокъоб тIобитIана гIуцIиялъул комитеталъул данделъи. Гьениб гьоркьор лъун дандрана республикаялъул авар мацIалъул учительзабазул V слеталде хIадурлъиялъул суалал. Гьеб тIобитIизе бихьизабун буго 22-23 июлалда. ТIобитIулеб бакI ккола лъималазул спорталъулгун сах гьариялъулаб комплекс - «Каскад», жибги Карадахскияб кьодаса 3 километраялъ добехун бугеб.

Тадбир тIобитIана лъай кьеялъул ва культураялъул начальник Шамил МустIапаевас. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул руччабазул Советалъул председатель ГIайшат Халиловалъ, цогояб информационнияб хъулухъалъул директор Земфира МухIамадовалъ, гIолохъанлъиялда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ специалист Анжела Хизриевалъ ва культураялъул хIалтIухъабаз.



Исанасеб слет буссинабураб буго Расул ХIамзатовас 100 сон тIубаялъул юбилеялдаянги абун, Шамил МустIапаевас баян гьабуна гъоркьияб соналда чIел босараб район хIисабалда слет тIобитIизе кколаанилан ЧIарада районалда. Гьедин нижее щун букIана ихтияр исана гьалбал ва гIахьалчагIи къабул гьаризе.

«Лъалел ракIалда гьечIел пашманлъабиги рукIун, нилъер районалда гьеб слет тIобитIизе исана данде ккечIо. Амма нилъеда тIадаб буго гьеб унеб бакIалда мустахIикъаб гIахьаллъи гьабизе ва бихьизабизе республикаялъул гIумруялъулъ кидаго гIахьаллъи гьабизе букIин», - ян лъазабуна Шамил МустIапаевас.

Хадуб гьоркьоб лъуна фестивалалде хIадурлъиялъул бугеб ахIвал-хIалалъул суал, рихьизаруна районалдаса ине бугеб командаялъул гIахьалчагIазда тIадал ишал.

ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

# Рагъул гIахьалчи

ВатIаналде тIаде къо ккараб заманалда ЦIулда росулъа КIудияб ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъизе ана 65 чи, гьездаса нахъруссана 33-гояв. Гьединаздаса цояв ккола 1904 соналда гьавурав ТIагьиров Шигьабудинги. Гьев гьитIинго вукIана жигарав гIолилавлъун.

Шигьабудиница цIикIкIараб кIвар кьуна росулъ мискиназул комитет рагьиялъе, хадубги «Мискиназул цолъи» гIуцIулагоги. 1938 соналда мисал бихьизабуна колхоз гIуцIулагоги.

Районалъул нухмалъулезда Шигьабудинил жигарчилъи бихьичIого хутIичIо. Гьев вачуна райсоветалде хIалтIизе. 1940-абилеб соналда хIалтIизе тIамуна РКВКП (б)-ялъул кадрабазул отделалда. Гьесул лъайги бажариги бихьун 1940-1941 соназда тIамуна нилъер районалъул «БагIараб байрахъ» газеталъул редакторасул заместительлъун. Хадув хIалтIана № 4015 сбербанкалда. Кив хIалтIаниги живго вихьизавуна тIадкъараб ишалъе ритIухъав, ракIбацIцIадав хIалтIухъанлъун. Чанго нухалда гьев мустахIикълъана райкомпартиялъул грамотабазе. 1942-абилеб соналда жиндиего бокьун ана Советияб Армиялде ВатIан цIунизе.



Шигьабудин хъулухъ гьабизе ккана Сталинградалъул № 408 кьвагьдолезул полкалде, гIахьаллъи гьабуна Харьковалда, Полтавалда ва цогидал бакIазда цIа боркьарал рагъазулъ.

1944-абилеб соналда захIматго лъукъана Полтавалда букIараб рагъда, гьев витIула рагъулаб госпиталалде сах гьавизе. Гьелдаса хадув гьев витIула рокъове. Рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло гьев мустахIикълъана гIемерал медалазе ва баркалабазе. 1946-абилеб соналда Шигьабудин хIалтIана ЦIулда Чапаевасул цIаралда букIараб колхозалъул партиялъул гIуцIиялъул секретарьлъун. 1951-1953 соназда вачуна РККП (б)-ялъул инструкторлъун хIалтIизе. Кив хIалтIаниги гьес живго вихьизавуна ракIбацIцIадав хIалтIухъанлъун. 1981 соналда Шигьабудин гIумруялдаса ватIалъана. Гьев нижеда кIочон теларо.

***ХI. ГIУМАРОВ***

# Пограничникасул ракIалде щвеял

Лъабкъоабилел сонал рукIанин захIматал ва хIинкъарал. Щай абуни, капитализмалъул ва социализмалъул гIуцIабазда гьоркьоб кьеркьей цIикIкIараб букIиналъ. Гьеб хIалуцараб заманалда Советияб Армиялда хъулухъ тIубазабизе ккана Кьорош росулъа ГIалигIумаров МухIамадица (1960-1963 сс.).

Туркмениялъул ва Ираналъул гIорхъода букIана гьезул погранзастава. Гьесда цадахъ рукIана нилъерго районалдаса гIолохъабиги. Гьеб заманалда погранзаставалда хъулухъ гьабизе захIматаб ва жавабчилъиги цIикIкIараб букIанилан ракIалде щвезабулеб буго ГIалигIумаровас. Щибаб къоялъ заставалъул начальникас буюрухъ кьолаан «Нуж ритIулел руго СССРалъул гIорхъи цIунизе, щивасухъе кьолаан нарядги. БукIана автомат ва 90 патрон, граната (наступательная РГ-4). Хъулухъалде ине кколаан къаси рукIкIараб мехалдаса радалиде щвезегIан. Щибаб 50 метраялъул манзилалда рукIана гIорхъода чIарал хIубалги, заставалъулгун щулияб бухьенги. Гьез хIалтIизабулаан С-100, С-12 системаби. Доб заманалда букIунаан кьварараб гIадлу-низам ва законги. ГIазухъги, цIадухъги, гьорохъги балагьичIого МухIамадицаги тIубазабизе кколеб букIун буго тIадаб хъулухъ, щайгурелъул гIорхъи цо минуталъги рехун тезе бегьулеб букIун гьечIо.

Тушманасул агентуралъ гьезул гIорхъода аскIоб гьарулел рукIун руго вахIщиял ишал, риччалел рукIун руго советиял пограничникал рихха-хочиналъул мурадалда загьруял борхьал.

РакIбацIцIадго тIадаб хъулухъ тIубазабуралъухъ МухIамад мустахIикълъун вуго гIезегIан шапакъатазе: «Отличный пограничник», «Отличник Советской Армии» ва руго гIемерал грамотаби ва баркалаялъул кагъталги. Гьел гьанжеги цIунун руго. МухIамад гьабсагIат мустахIикъаб хIалхьиялда вуго. Кьейги гьесие щулияб сахлъи ва талихI.

***Гара-чIвари гьабуна «ЧIарада» газеталъул штаталда гьечIев мухбир, ЦIулда росулъа ХIажи ГIумаровас.***

# Управление Россельхознадзора обеспечило безопасность зерновой продукции, отгружаемой в Иран за I полугодие 2023 года

С начала текущего года должностными лицами Управления Россельхознадзора по Республике Дагестан произведен досмотр 344 тыс. 078 тонн зерновой продукции, отгружаемой в Исламскую Республику Иран. Преимущественно экспортное зерно поступает в порт автомобильным транспортом из Кабардино-Балкарской Республики, Чеченской Республики и Ставропольского края, где, по данным экспертов, выращен хороший урожай. Сначала его загружают в специальные емкости для временного хранения зерна - элеваторы, затем по мере формирования судовых партий оно перегружается на судна. По завершению погрузки инспекторами Россельхознадзора отбираются пробы зерновой продукции, которые доставляются в лабораторию с самыми современными приборами исследований – в Дагестанский филиал Всероссийского центра карантина растений ФГБУ «ВНИИКР». Всего с начала года, таким образом, было доставлено и исследовано 216 проб зерновых культур, в которых карантинных вредных объектов не выявлено.

По итогам лабораторных исследований специалисты Дагестанского филиала Всероссийского центра карантина растений ФГБУ «ВНИИКР» начинают процесс фумигации – уничтожения насекомых и других видов возбудителей болезней растений путём отравления газами-инсектицидами. Только по завершению фумигации, судна с зерновой продукцией отправляются в Иран. А газ, выделенный из специальных приборов, будет циркулировать в трюме с зерном еще несколько дней во время перехода судна.

На основании заключений подведомственного Всероссийского центра карантина растений Россельхознадзором за отчетный период выдано 216 фитосанитарных сертификатов.

При проведении карантинного фитосанитарного контроля подкарантинной продукции нарушений международных фитосанитарных требований не выявлено, карантинные объекты не обнаружены. Благодаря последовательным действиям сотрудников Россельхознадзора удалось обеспечить безопасность зерновой продукции, отгружаемой в страну-импортер.

Напомним, что Махачкалинский международный морской торговый порт расположен на западном побережье Каспийского моря и является единственным незамерзающим и самым глубоководным портом России на Каспии, а также важным стратегическим звеном, связующим Юг страны с государствами Средней Азии, Ираном, Закавказьем и другими странами.

***М. МУРСАЛОВА,***
***начальник отдела Управления Россельхознадзора по РД, заслуженный работник сельского хозяйства***

ПРОКУРАТУРА ИЗВЕЩАЕТ

# Приговор в особом порядке

Уголовные дела о преступлениях небольшой и средней тяжести, наказание за которые не превышает 5 лет лишения свободы, либо неосторожные преступления, наказание за которые не превышает 10 лет лишения свободы, при условии признания подсудимым вины в полном объеме могут быть рассмотрены судом в особом порядке.

При рассмотрении уголовного дела в особом порядке, суд не исследует доказательства по уголовному делу, ограничиваясь только данными, характеризующими личность подсудимого, а также обстоятельствами, смягчающими и отягчающими наказание.

Суд постановляет обвинительный приговор, при этом наказание не может превышать 2/3 максимального срока наиболее строгого вида наказания, предусмотренного санкцией статьи.

Порядок обжалования приговора имеет ряд особенностей: обжаловаться может только вид и размер назначенного наказания, фактические обстоятельства дела переоценке не подлежат, то есть стороны не вправе в своей жалобе указывать, что преступление совершено при иных обстоятельствах либо оспаривать факт совершения каких-либо действий, указанных в приговоре.

В остальном порядок обжалования не отличается от обычного: апелляционная жалоба может быть подана в суд вышестоящей инстанции в течение 15 суток со дня постановления приговора, а осужденным, содержащимся под стражей, – в тот же срок со дня вручения ему копии приговора.

# Какие категории граждан имеют право на льготы по оплате услуг ЖКХ?

Граждане обязаны своевременно и полностью вносить плату за жилое помещение и коммунальные услуги (ч. 1 ст. 153 ЖК РФ). Для некоторых категорий граждан на федеральном, региональном и местном уровнях установлены льготы по оплате услуг ЖКХ. Компенсации расходов на оплату услуг ЖКХ не предоставляются при наличии задолженности, которая образовалась за период не более чем три последних года и подтверждена судебным актом. Если причины возникновения задолженности уважительные, в компенсации не может быть отказано (ч. 1, 3 ст. 160 ЖК РФ). Инвалидам и семьям с детьми-инвалидами предоставляется компенсация расходов на оплату услуг ЖКХ в размере 50%. При этом компенсация расходов на оплату коммунальных услуг, потребление которых определяется по показаниям приборов учета, производится в пределах утвержденных нормативов (ч. 13 ст. 17 Закона от 24.11.1995 № 181-ФЗ «О социальной защите инвалидов в Российской Федерации»). Также инвалиды I и II группы имеют право на компенсацию расходов на уплату взноса на капитальный ремонт общего имущества в многоквартирном доме, но не более установленного размера (ч. 14 ст. 17 Закона № 181-ФЗ). Участникам ВОВ и ветеранам боевых действий предоставляется компенсация расходов на оплату услуг ЖКХ в размере 50% в порядке, установленном законодательством субъекта РФ (ст. 3, пп. 4 п. 1 ст. 13, пп. 5 п. 1 ст. 15, пп. 5 п. 1 ст. 16 Закона от 12.01.1995 № 5-ФЗ). Проживающие в общежитиях в период обучения дети-сироты, дети, оставшиеся без попечения родителей, лица из их числа, а также лица, потерявшие в период обучения обоих родителей или единственного родителя, освобождаются от внесения платы за пользование жилым помещением в общежитии (ч. 5 ст. 36, ч. 6 ст. 39 Закона от 29.12.2012 № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации»). В субъектах РФ могут устанавливаться дополнительные меры социальной поддержки.

МУГIАЛИМАСУЛ ВА НАСИХIАТЧИЯСУЛ СОНАЛДЕ

# Тарбия кьеялда 50-са цIикIкIарал сонал

*(Байбихьи 1-аб. гьумералда)*

раб регионалияб конкурсалда ва мустахIикълъана 100 000 азарго гъурущ гIарцулаб сайгъаталъе.

Лъималаздехун хIалтIи гьаби – гьеб щибаб къоялъулаб яхI бахъараб, лъайгун бажари къваригIунеб хIалтIи букIинги хIисабалде босун ХIажимухIамад ЛатIиповичас кидаго кIвар кьола жиндирго лъай борхизабиялде. Гьеб бихьулеб буго гьесул психологасул, социалияб педагогасул, гIараб мацIалъул учителасул ва журналистасул удостоверениял рукIиналдасаги. Гьесул 25-ялдаса цIикIкIарал макъалаби рахъун руго республикаялъул печаталъул изданиябаздаги.

ХIажимухIамад вуго мугIалим-профессионал, гьеб бихьулеб буго гьесул ритIухълъиялдаса, пикру гьабизе бажариялдаса ва хIалтIи бокьиялдаса.



«ЛъикIав учителасул хIакъалъулъ ракIалде щвеял цIалдохъабазул пикрабалъ хутIула, гьарулел ишазулъги гьесда релълъараллъун рукIине жигарги бахъула. Педагогасул захIмат буго цIакъго жавабияб ва кIвар цIикIкIараб, гьединлъидал нижеда тIадаб буго лъималазда кIварабгIан цIикIкIун лъикIабщинаб малъи», - ян абула хIалбихьи бугев мугIалимас.

# Санаде вахъарасул ихтиярал




РакIбацIцIадго Улка цIунизе бокьарав, щивав санаде вахъарав гражданинасул ихтияр буго рагъулал кьеразулъе лъугьине ва хъулухъ гьабизе.

Контракталде гьоркьобе унел руго гIемерал социалияб рахъалъ цIуниял ва тIадегIанаб мухьги.

Жавабал кьолел руго рагъулаб хъулухъалда хурхун аслиял суалазе.

**Рагъухъан вуго лъукъиялъ госпиталалда. Хадубккун гьесул кинаб къисмат букIине бугеб?**

Рагъул врачазул комиссиялъ гьабизе буго хIукму гьев рагъухъанасда хадубккун хъулухъ тIубазабизе бажаризе бугищали. Гьелдаго цадахъ бажарулаgевлъун рикIкIарав рагъухъанасул ихтияр буго жиндиего бокьани хъулухъ хадубккунги гьабизе ине.

**Сахлъиялда бан дица рагъулаб хъулухъ гьабун гьечIониги военкоматалъ ахIана рагъулал сборазде. Гьеб битIараб бугищ?**

БитIараб буго, рагъулал сборазде ахIизе ихтияр буго киналго запаслада ругел гражданал.

Жеги тIаде баянал щвезе бокьараз бухьен кквезе бегьула районалъул рагъулаб комиссариаталъулгун.

# Левашинский межрайонный филиал ТФОМС РД информирует о правах граждан в системе ОМС!



Полис обязательного медицинского страхования (ОМС) - это важный документ для каждого гражданина России. Владельцы полисов имеют определенные права, которые могут помочь им получить качественную медпомощь и защитить свои интересы.

Так какие же права имеют владельцы полиса ОМС и как ими правильно пользоваться? Законодательная база Закон от 29 ноября 2010 года № 326-ФЗ «Об обязательном медицинском страховании в Российской Федерации» устанавливает права застрахованных лиц, которые имеют полис ОМС.

Основные права, которыми обладают владельцы полиса ОМС, предусмотренные законом:

- Получение медицинской помощи в соответствии с установленной программой ОМС.
- Бесплатное медицинское обслуживание и лечение, включая экстренную помощь.
- Свободный выбор медицинской организации, оказывающей медпомощь в рамках ОМС, в пределах установленной программы ОМС.
- Получение информации о правилах и условиях предоставления медицинской помощи, в том числе об объеме и качестве услуг, доступных в рамках ОМС.
- Получение медпомощи без каких-либо дополнительных платежей и сборов.
- Представление жалоб на качество услуг, полученных в рамках ОМС, в территориальный фонд обязательного медицинского страхования.
- Получение компенсации расходов, в случае, если медицинская помощь оказывалась вне установленной программы ОМС.
- Получение услуг по ОМС в другом регионе России, если застрахованное лицо временно находится в этом регионе.

**Защита прав застрахованных в системе ОМС.**

Защита прав граждан в рамках обязательного медицинского страхования осуществляется несколькими способами:

**Жалобы.** Застрахованные лица могут обратиться в территориальный фонд обязательного медицинского страхования с жалобой на качество медпомощи, полученной в рамках ОМС. Фонд обязан рассмотреть жалобу и принять меры по урегулированию конфликта.

**Судебная защита.** Застрахованные имеют право обратиться в суд в случае, если их права и законные интересы нарушены в процессе получения помощи по ОМС.

**Мониторинг качества.** Качество медицинской помощи по ОМС контролируется со стороны государственных органов и организаций. Регулярно проводятся проверки и аудиты, которые направлены на выявление нарушений и улучшение качества медицинских услуг.

**Обратная связь.** Граждане могут оценивать качество медицинской помощи, полученной в рамках ОМС, и оставлять свой отзыв на сайтах ТФОМС и медицинских организаций. Обратная связь позволяет улучшать качество оказываемых услуг и учитывать мнение застрахованных.

**При нарушении Ваших прав на получение бесплатной и качественной медицинской помощи по программе ОМС, обратитесь по единому бесплатному телефону контакт-центра ТФОМС РД 8-800-222-29-05 или в Левашинский межрайонный филиал ТФОМС РД +79288783177 в т.ч. WhatsApp, так же можно задать любые вопросы, относящиеся к вопросам в сфере обязательного медицинского страхования.**

*Главный специалист ЗПЗ*
*Р.Д.НУРМАГОМЕДОВА*

АДМИНИСТРАЦИЯ
МО «СЕЛЬСОВЕТ ГОЧАДИНСКИЙ»

368452, с.Тлярош, Чародинский район, Республика Дагестан 14 июль 2023 г.

## ИЗВЕЩЕНИЕ

**О предоставлении земельного участка в аренду для сельскохозяйственного производства**

В соответствии со статьями 39.2,39.18 Земельного Кодекса Российской Федерации, Администрация МО «Сельсовет Гочадинский», в лице главы администрации Багаудинова Имамудина Набиевича, действующего на основании Устава, сообщает о возможности предоставления в аренду земельного участка для сельскохозяйственного производства.

Граждане, главы крестьянского (фермерского) хозяйства, заинтересованные в предоставлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявления о намерении претендовать на право заключения договора аренды земельного участка.

Заявление можно подать с 14.07.2023 года по 14.08.2023 года (включительно) в администрацию МО «Сельсовет Гочадинский» по адресу: 368452, Республика Дагестан, Чародинский район, с.Тлярош ул. Тлярошская, 232.

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору - лично, на электронную почту МО «Сельсовет Гочадинский» mo-gochada@mail.ru или посредством почтовой связи на бумажном носителе.

Описание земельного участка: кадастровый номер - 05:39:000047:22,ЗУ7, категория земель - земли сельскохозяйственного назначения, с разрешенным видом использования для сельскохозяйственного производства, общей площадью - 11143 кв.м, расположенного по адресу: РД, Чародинский район, с. Гочада, местность «Гьаргъал гIуртIа».

АДМИНИСТРАЦИЯ
МО «СЕЛЬСОВЕТ ГОЧАДИНСКИЙ»

368452, с.Тлярош,Чародинский район, Республика Дагестан 14 июль 2023 г.

## ИЗВЕЩЕНИЕ

**О предоставлении земельного участка в аренду для сельскохозяйственного производства**

В соответствии со статьями 39.2, 39.18 Земельного Кодекса Российской Федерации, Администрация МО «Сельсовет Гочадинский», в лице главы администрации Багаудинова Имамудина Набиевича, действующего на основании Устава, сообщает о возможности предоставления в аренду земельного участка для сельскохозяйственного производства.

Граждане, главы крестьянского (фермерского) хозяйства, заинтересованные в предоставлении земельного участка для указанных целей, в течение тридцати дней со дня опубликования настоящего извещения вправе подавать заявления о намерении претендовать на право заключения договора аренды земельного участка.

Заявление можно подать с 14.07.2023 года по 14.08.2023 года (включительно) в администрацию МО «Сельсовет Гочадинский» по адресу: 368452, Республика Дагестан, Чародинский район, с.Тлярош, ул. Тлярошская, 232.

Способ подачи заявлений: заявления подаются или направляются заинтересованным лицом по выбору - лично, на электронную почту МО «Сельсовет Гочадинский» mo-gochada@mail.ru, или посредством почтовой связи на бумажном носителе.

Описание земельного участка: кадастровый номер - 05:39:000047:28, ЗУ13, категория земель - земли сельскохозяйственного назначения, с разрешенным видом использования для ведения личного подсобного хозяйства, общей площадью 2607 кв.м, расположенного по адресу: РД, Чародинский район, с.Гочада, местность «Урух».

СПОРТ

# Кьорош футбол хIаялъул къецал




«Сила России» абураб тIолгороссиялъул спорталъул марафоналъул кьучIалда ЧIарада районалъул Кьорош росулъ тIобитIана Къарахъ участкаялъул росабазул командабазда гьоркьоб мини-футболалъул турнир. Гьеб гIуцIараб букIана Гьачада росдал поселениялдаса Украинаялда СВОялда гIахьаллъулаго хварал гIолохъаби ракIалде щвезаризелъун.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна спортсменазул 13 командаялъ. ТIаде балагьизе рачIун рукIана Гьачада советалъул бетIер Имамудин Багьавудинов, районалъул экстремизмалдегун терроризмалде данде тIоритIулел тадбиразул отделалъул начальник Асад МухIамадов, районалъул имамзабазул Советалъул председатель ШагIбан ХIапизов, СВОялда гIахьаллъулаго хварав Заур ГIумаровасул эмен, гьединго СВОялда гIахьаллъулаго хварав ГIабдулмуслим ГIалибеговасул вац ва гIемерал тIаде балагьизе рачIарал футбол бокьулелги.

Тадбир нухда бачунез баркала загьир гьабуна турниралъул гIахьалчагIазе ва гьарана киназего битIккей, баян гьабуна гьаб гIицIго спорталъулаб хIай гуреблъи – гьаб бугин жакъа нилъер улка неонацистаздаса цIунулел ракьцоязул хIурматалда ва ВатIан цIунулаго жидерго гIумру кьурал гIолохъаби ракIалде щвезелъун тIобитIулеб тадбир.

«Нижер гьарияв ва ракIалде щвеял кидаго цадахъ рукIине руго жакъа гьел хIажат ругезда. Баркала буго пачалихъалъул мурадалги тIуразарулаго Улка цIунулезе. Кидагосеб рецц ва хIурмат гьединазе», - ян абуна тадбир тIобитIулез.







ХIасилал гьарулаго тIоцебесеб бакIалде бачIана Гьачада росдал команда, кIиабилеб бакI ккуна ЧIарада росдал командаялъ ва лъабабилеб бакIалъе гIей гьабуна Шамхал ва Кьорош росабазул цолъизабураб командаялъ.

Бергьарал ва призалъулал бакIал ккурал командабазе кьуна кубокал, медалал, дипломал ва гIарцулал сайгъатал. Гьединго тIадеги кубоказдалъун ва къиматал сайгъатаздалъун рази гьаруна «ЛъикIав вратарь», «ЛъикIав защитник», «Берцинаб гол», «ЛъикIав тIаде кIанцIулев», «ЛъикIго хIарав» ва «Бищунго ракIбухIарав болельщик». Баркалаялъул дипломал кьуна тадбир тIобитIиялъе кумек гьабуразе ва жидерго бутIа лъуразеги.

Тадбир тIобитIулез ракIалде щвеялъул сайгъаталгун цадахъ тIаде балагьизе рачIаразе кьуна къаде кваназе тIагIамаб квенги.

Тадбир гIуцIиялъул ва гьеб тIобитIиялъул тадбирчагIилъун рукIана «сельсовет Гочадинский» администрация, экстремизмалдегун терроризмалде данде профилактикияб хIалтIи гьабулеб отдел ва «Молодежь Чародинского района» ДРОО.

ХIай тIобитIулаго хIалуцин букIаниги тадбир ана гIуцIараб къагIидаялда командабазда гIахьаллъараз цоцазул квералги рачун.

# ХIалтIи бокьаразе баяналъе

Гьале чанго сон сверулеб буго Колов Искантарица нилъеда мадугьалихь бугеб бацIадисезул фермаялда аскIоб 9 га ракьалъулги босун гьеб пайда кьоледухъ хIалтIизабулелдаса.

ХIукуматалдаса кинабгIаги кумекги щвечIого жинцаго дагь-дагь ккун байбихьун буго гьеб рехун тун букIараб ракьалда хIалтIаби гьаризе. Гьанже гьениг гIун руго пихъ кьолел гIечул, генул, куракул, ахбазаналъул ахалги, гьединго гIезарулел руго клубникалъул батIибатIиял сортал: «Альбион», «Кабрила», «Азия». Гьелдаго цадахъ рекьулел руго помидор-охцерал, болгаразул перец, картошка, ламадур, ражипер, багIарпер ва цогидалги бахчаби.

Гьениса бакIарараб продукциялъухъ Искантарие лъикIаб хайирги щолеб буго. Исана цо нухалда бакIарун бичун буго гIураб къадаралда клубника, кIиабилеб нухалда бакIаризеги щолеб бугилан абуна диргун букIараб гарачIвариялда Коловас. Гьединго барщун бакIаризе заман щун бугин абуна курак ва барщизе хIадурго бугин ахбазангиян тIадеги жубана фермерас.



Кинабго иш лъикI бугин абана Искантарица, амма хIалтIул квер хIажат бугилан баянги гьабуна. ХIалтIиялъе ва хIухьбахъиялъе лъикIал шартIалги, къаде квенги, кьоялъ микьго сагIаталда хIалтIун азарго гъурущ гIарацги кьолеб бугилан абана Коловас.

Нилъер районалда гIезегIан руго хIалтIи гьечIого ругел гIолохъанал васалги ясалги, рикIкIа-рикIкIаде Ставрополалде гIунтIун инчIониги пер бахъизе гьаниб аскIобго щай бегьуларел гьел хIалтIаби гьаризе, гьелги руго заманалъулал, гIарац гуребги къваригIараб продукцияги кьолеб буго фермерас хIалтIухъабазе. ЦIуриб росулъ цо хасаб бакIалдеги ракIарун жиндихъе телефоналъул гьал номеразда ахIани, жив вачIине вугин машинагун хIалтIухъаби рачизеянги абулеб буго Искантарица.

Хадубккун гьесда ракIалда буго гьениб пихъал хIалтIизарулеб гьитIинабго цех рагьизеги. Гьеб мехалда нилъер районалъул захIматчагIазеги рес букIине буго гьенибе жидерго огороддаса тIокIлъараб пихъ кьезеги. Гьелъги цо къадаралъ кумек гьабила рес буголъи борхизабиялъе.

Жеги Искантарица абулеб буго хIукуматалъул хIалтIуда ругелги гIодор кьояз хIалтIизе рачIине бегьулин гьенирея, гьезиеги добго шартI бугин. РачIа нилъеца рииги гIадада биччачIого заманалъулал хIалтIаби гьариялде кIвар кьезин.

МухIканлъи лъазе бокьараз ахIизе бегьула гьесухъе хадусел телефоназул номеразда:

**8 (963)-427-53-30,**
**8 (928)-517-96-14.**

***КЪ. ЧАХИЕВ***

**ЧIАРАДА**
**БетIерай редактор** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес***